

**PAMAKEAN MODEL PANGAJARAN *PROBLEM BASED LEARNING*
(PBL) KANGGO NGARONJATKEUN DIAJAR KANA SUBTEMA
KEBERSAMAAN DALAM KEBERAGAMAN**

(Panalungtikan Usaha Kelas dina Tema I Indahnya Kebersamaan Subtema
Kebersamaan dalam Keberagaman Kelas IV SDN Sukaseneng Kabupaten Subang
Tahun Pelajaran 2018/2019).

**Kenging
RIKA DWI LESTARI
NPM 145060192**

RINGKESAN

*Panalungtikan ieu ngabogaan maksud kanggo ningkatkeun kualitas pangajaran kana subtema kebersamaan dalam keberagaman kanggo siswa kelas IV SDN Sukaseneng anu ngagunakeun model pangajaran *Problem Based Learning*. Panalungtikan ieu dumasar kana pamendak ku hasil kegiatan observasi yen kurangna partisipasi aktip ti peserta didik dina pangajaran teras ngakibatkeun rendahna hasil belajar. Metode anu digunakeun nyaeta panalungtikan usaha kelas (PTK) anu dirinci tina 3 siklus, masing-masing siklusna ngeunaan tahapan ngarencanakeun, ngalaksanakeun tindakan, observasi jeung refleksi. Alat nu digunakeun panalungtikan ieu lembar observasi, sareng tes hasil diajar peserta didik ku cara ngagunakeun postest. Hasil panalungtikan ieu nunjukeun ayana kamajuan dina sikap peduli, sikap santun, sareng hasil hasil diajar dina unggal siklusna. Nyaeta tiasa ditingali dina hasil observasi sikap peduli dina siklus I peserta didik yen meunang persentase 57,63%, sedengkeun dina siklus II meunang hasil persentase nyaeta 61% sareng dina siklus III peserta didik ngaronjatkeun kalayan persentase 82%. Hasil observasi sikap santun dina sikap santun peserta didik meunang hasil persentase nyaeta 58,21% sedengkeun dina siklus II meunang hasil persentase nyaeta 65,02% sareng dina siklus III peserta didik ngaronjatkeun kalayan persentase 82,03%. Hasil diajar peserta didik dina siklus I nunjukeun saageungna 14 urang peserta didik tos tiasa nyumponan kana nilai KKM jeung kalayan persentase 51,85%, dina siklus II saageung 18 urang peserta didik tos tiasa nyumponan kana nilai KKM jeung kalayan persentase 67%, dina siklus III paningkatan dina jumlah peserta didik nu ngacapai nilai KKM saageung 24 urang peserta didik jeung kalayan persentase saageungna 89%. Sahingga pamakean model pangajaran *Problem Based Learning* (PBL) dina subtema Kebersamaan dalam Keberagaman di kelas IV SDN Sukaseneng bisa disebut hasil pikeun ngaronjatkeun hasil diajar peserta didik kusabab tos ningkatkeun hasil persentase nu diharapkeun nyaeta 80%.*

Kecap Pamageuh: *Problem Based Learning*, Hasil Diajar